Nomer 24 — Salasa 11 December 1928 (27 Djoemadil'ahir 1347) — Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA PATAH
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimosloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Loear Indonesia f 2 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE: Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom. Dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## Sakola Mulo „Pasoendan" di Tasikmalaja.

Soepados noe djadi Bestuur „Pasoendan" tiasa enggal terang, sabaraha seueurna noe bade lebet ka sakola Mulo „Pasoendan" di Tasikmalaja dina ping 1 Juli 1929, disoehoenkeun ka sepoeh sepoeh moerid noe bade ngalebetkeun moerangkalihna sareng ka kapala-kapala sakola Walanda, H. I. S. sareng Schakelschool enggal-enggal masihan wartos (voorloopige opgave) ka Directeur sakola Mulo „Pasoendan" di Tasikmalaja.

Doepi margina, nja eta soepados tiasa enggal ditetepkeun kedah sabaraha goeroe noe kedah soemping ti Nagri, sabaraha kedah ngadamel bangkoe, oelah doegi ka kakirangan parabot dina waktosna.

Samemehna hatoer timpah noehoen ka para Djoeragan noe masihan wartos.

Hoermatna

Bestuur „Pasoendan" Tasikmalaja.

## Wartos ti Bestuur „Pasoendan"

Hatoer oeninga ka sadaja, Djoeragan Moeh. Enoch Hoofdopzichter Irrigatie di Tasikmalaja dialihkeun ka Soebang (Krawang). Andjeunna di Tasikmalaja djadi lid rengrengan Koemetir Rasa Kaboepaten, djadi lid Hoofdbestuur „Pasoendan" sareng djadi Penningmeester „Pasoendan" Tjabang Tasikmalaja.

Koe margi roepi-roepi noe djadi pambengan Andjeunna teu iasa nepangan heula ka sadaja kantja-mitra. Tina eta koe ieu seratan Djoeragan Moeh. Enoch sapoetra garwa mileuleujankeun ka sadaja Djoeragan-Djoeragan noe dikantoen, moegi - moegi tiasa enggal patepang deui.

Hoermatna

Bestuur Pasoendan Tjabang Tasikmalaja.

*Sareng hormat,*

Ngahatoerkeun reboe-reboe noehoen, miwah laksa kabingahan ka sadaja para djoeragan, istri pameget sareng kantja mitra sadaja, anoe parantos nawiskeun kaweningan manahna nalika akad nikah.

Hoermatna poen

Kartadipradja

Sarimbit.

## Pagoejoeban „Kaweningan Mitra"

Tjeuk raraosan tangtos kirang saena oepama djisim koering henteu nja rioskeun perkawis eta kempelan, koe margi doea minggoe kapoengkoer prantos aja karangan dina s. k. Sipatahoenan, anoe naros ka oerang Soenda di Poerwokerto koe naon margina misahkeun diri ti pagoejoeban Pasoendan. Toeroeg toeroeg anoe djadi pang hareupna djisim koering pisan; tangtos djadi kawadjiban djisim koering ngawaleran eta panaros dina s. k. Sipatahoenan tea.—

Samemehna ngadjawab panaros, djisim koering bade njarioskeun heula kaajaan di kota Poerwokerto, babakoena tina perkawis kamadjenganana djaman ajeuna. Ieu kota ajana di djero residentie Noord Banjoemas njaeta di Djawa tengah. Doepi kabiroepanana eta kota teh kalebet oge kana rame, pangramena di sadjero residentie Banjoemas, namoeng doepi perkawis kamadjengan „beweging, vereenigings leven" mah tjan aja katingalna.

Pikeun oerang Pasoendan mah anoe biasa di Pasoendan pipiloeeun kana kamadjengan ieu kota teh sepi teu kinten; koemargi sepi teh njaeta kabidji henteu seueur batoer bangsa Soenda, kadoea basana noe loembrah di kota, basa Djawa, katiloe sareng priboemina teu pati wawoeh, njaeta sanes basa, sanes adat sanes karesep Tangtos pisan oerang Soenda sareng oerang Djawa teh kalebet kana bangsa Indonesia. namoeng ieu mah kabiasaan bae perbawana provincialisme, sanes provincie sanes kaajaan.

Pagoejoeban - pagoejoeban politiek sapertos B. O. moeng aja ngaranna bae, teu aja ambah-ambah anoe katingal, sapertos di kota sanes di loear residentie Banjoemas kitoe deui di tanah Priangan. Njaeta atoeh manawi jaktos, sapertos saoet djrg. Redacteur Sipatahoenan djelema oerang Poerwokerto, mah roepina masih pada sieun koe . . . beuer!

Pikeun oerang Soenda noe ngoembara di ieu kota waktos ajeuna teu keueung teuing koe margi prantos ngadeg pagoejoeban „Kaweningan Mitra"

Saha noe ngawitan ngempelkeun ngawawoehkeun oerang Pasoendan di Djawa tengah? Njaeta soepados oelah aing-aingan, padjaoeh djaoeh tampian? Anoe kagoengan damel teh njaeta djrg. Rafioedin, keur waktos boemen boemen di Poerwokerto. Ajeuna mah tjalikna prantos di Baudoeng deui. Handjakalna mah aja namoeng moal kenging dirobah, kedah kitoe takdirna.

Kaweningan Mitra teh kempelan istri pameget boh oerang Soenda boh oerang Djawa, anoe parantos wawoeh sareng sakaresep sareng oerang Pasoendan, babakoena ngamadjeugkeun kabinangkitan tina perkawis mamaos nganggo katjapi, djadi pikeun ngilari kasenangan. Tangtos pisan dina aja kasesanan diwadjibkeun kedah silih toeloengan.— Perkawis politiek henteu kalebet kana reglement kana atoeran eta pagoejoeban.—

Pikeun djisim koering, nja kitoe deui pikeun anoe sanes noe prantos ngartos kana kahajangna djaman moal pisan bade noekangkeun atanapi mitjeun ka pagoejoeban bangsa Soenda njaeta pakempelan Pasoendan tea namoeng ieu pagoejoeban Kaweningan Mitra moal pitiasaeun lebet kana pakempelan Pasoendan sanes koemargi sieun koe beuer namoeng sanes noe didjoegdjoeg.

Politiek keur waktos ajeuna moal pidjadieun dina taneuh di Poerwokerto, tangtos kedah dipatjoel heula koe sarerea, babakoena koe oerang priboemina afdeeling Poerwokerto; koe oerang Soenda bae mah moal pikiateun.—

Moegi-moegi bae katjapangan „brani krana benar" teh njaliara ka oeung gal tempat di mana-mana.

R. Koesoema Soedjana.

## Ali Moesa contra Bangsa Indonesia.

Mindang saraja ka kaom Goela.

Ieu Djoeragan Ali Moesa teh bidji lid Volksraad, malah djadi lid pisan ti College van Gedelegeerden

Tina gek - gekanana sarta pokpokanana ieu Toean Ali di Volksraad memang ti bareto oge geus ngidjing alias dengdek ngoelon bae.

Andjeunna geus biantara di V. R., tina hal ngahormat - hormat, ngadjoengdjoeng-djoengdjoeng sarta moedji-moedji kana kaaloesanana „Nederlandsche kap" nja eta anoe ngaoeban lemah tjai oerang sarerea.

Anoe enggeus - enggeus kadjadian ngan semet sangka.

Tapi ajeuna geus meunang boekti anoe tetela malah a'inal - jakin, jen eta Toean Alimoesa teh djadi parabot kaom goela.

Soerat kabar minggoean Timboel anoe geus nimoe manggih teh, koemaha-koemahana petauing manggihkeunana angiug Alloh noe was paos, doeka teuing lebah dinjana mah, wallohoe 'alam bissawab. Tina hidji verslag vergadering bestuur Suikersyndicaat, anoe diajakeun dina 4 October 1928 di Heerenstraat 17 Soerabaja. Koe Timboel ieu verslag dizalabarkeun dina hidji Extra-Suiker-nummer.

Dina eta kabar kaboeka hidji gotji wasiat, sababaraha pependeman rasiah rasiah kaom goela boerak barik. Sarta Djoeragan Ali Moesa, lid College van Gedelegeerden miloe ngaloem boek didjero eta gotji wasiat. Tjenah, Djoer. Ali Moesa teh wawakil bangsa Indonesia, tah ajeuna sadaja anoe maraos tangtos ariasa nimbang koe andjeun, naha bener Toean Ali pingbatjeuna di Volksraad teh djadi wawakil oerang Indonesia?

Ari oenina notulen Suikersyndicaat teh kieu:

„Toean Bruineman njaritakeun jen djoer. Ali Moesa lid Volksraad boga maksoed arek ngaloearkeun soerat kabar minggoean koe basa Malajoe; toeljoeanana (in den geest) kira-kira saperti „De Haagsche Post" atawa „Indische-Post". Ieu lid Volksraad boga maksoed arek njieun propaganda dina eta soerat kabar, nja eta arek ngaloearkeun pikiran anoe beunang diseboet loyaal ka Pamarentah Walanda. Djoeragan Ali Moesa geus menta toeloeng ka Toean Fruin djeung Bruineman kalawan menta, naha bisa bangsa „ondernemers-ondernemers (toean kebon) njanggoepan bantoean ti samemehna; waktoe harita dimoepakatkeun oepama garantie reana 500 abone di pabrik² goela.

Djadi oenggal-oenggal pabrik njokot langganan tiloeaneun; saban boelan ngan oekoer majar sawatara roepia bae. Toean Bruineman atjan bisa ngabedjakeun, koemaha pieusieunana soerat kabar anoe bakal diajakeun teh; tapi maksoed T. Bruineman ajeuna ngan hajang njaho, koemaha bantoean bisa disanggoepan koe kaom goela. Lamoen rempoeg, engke Toean Bruineman arek badami leuwih pandjang djeung Toean Ali Moesa, soepaja njaho sadjati-djatina, koemaha maksoed T. Alimoesa teh.

Noeroetkeun timbangan Toean Voorzitter pantes katjida voorstel T. Bruineman dibantoe, sabab andjeunna tingali jen T. Ali Moesa katjida pisan loyaal na ka Pamarentah Walanda; djeung deui T. Ali Moesa beunang diseboetkeun lawan kaom nasional di Poelo Djawa, anoe dina waktoe-waktoe ieu ngobjagkeun „persatoean Indonesia" mani tagiwoer. Anoe sasaoeran ngingetan, jen di sababaraha pabrik goela dina waktoe ieu dibaratja soerat kabar „Kaoem Moeda", tapi eusina koerang keras (pittig), nepi ka personeel - personeel koerang soeka (resep) matjana, eusina ngan oekoer kabar-kabar kawat beunang njalin ti soerat kabar galede.

Anoe sasaoeran toemaros naha teu bisa, lamoen Syndicaat mere timbangan ka concerns (pakoempoelan), soepaja ngadjak administrateur - administrateur njokot sababaraha langganan eta soerat kabar anjar. Noeroetkeun manah anoe sasaoeran henteu pantes lamoen syndicaat njokot 500 langganan.

**Toean Bonebakker njaritakeun jen pamenta anoe tjara kitoe, nja eta arek ngaloearkeun doea soerat kabar Malajoe di nagara Walanda, geus dimadjoekeun ka Besino.** Dina waktoe eta geus dipoetoes, jen bisa disanggoepan arek ngadjak elid-elid djaradi langganan; dina waktoe harita henteu dibere garantie naon-naon.

Toean Veldhuyzen ngira soerat kabar anjar Malajoe henteu pigeleeun hasilna, komo deui soerat kabar anoe tjara kitoe geus aja, djeung koe sabab kantor Bale-Poestaka rea djasana djeung daek digawe tina ieu perkara.

Noeroetkeun manah T. Hart oentoengna pikeun oerang moal kapanggih dina eta soerat kabar minggoean; anging noetoerkeun timbanganana, rea hasilna, lamoen T. Ali Moesa dibantoe karepna reudjeung make djalan saperti ieu: T. Alimoesa arek ngadegkeun benteng pikeun ngalawan pergerakan nasional di P. Djawa.

Vergadering teu aja kaabotan lamoen T. Bruineman baris mere bedja ka T. Ali Moesa, jen administrateur administrateur baris diadjak soepaja djadi ingetanana eta perkara; tapi Syndicaat moal pisan - pisan baris mere garantie nja eta soepaja djadi abonemen soerat kabarna. Kitoe tjeuk P. I. No. No. 8.

Ajeuna geus terang pisan ka noe maraos, jen Toean Alimoesa djeung kaom goela geus kongkow, maen kongkong kalikong ditoekangeun kelir. Hadena bae aja Timboel anoe nimboel, nepi ka gotji wasiat goela peupeus, goelana ngotjor oelaweran. Digana tadina mah arek raos-raos ngaroedjak Limoes.

Sanggeus sim koering matja eta notulen, bet pipikiran teh roes-ras; naha bet eta Bale Poestaka, koe T. Veldhuyzen kasabit-sabit dina vergadering? Apan Bale Poestaka teh hidji adegan Pamarentah! Moal enja bae make dengdek ka Syndicaat goela, sabab tangtoe tangtoengna Pamarentah mah dina neutral, noe kaja-si miskin, Toean at. Haen toenggal abdina, mo enja rek pilih kasih. Tapi samemeh Bale Poestaka mere katerangan ka oerang rea, boh ngaenjakeun at. ngalaankeun kana panjabit njabitna T. Veldhuijzen, pikiran oerang rea moal mangmang. Koe sabab eta moega moega Bale Poestaka geura geura mere katerangan tina hal eta di oenggal soerat kabar, saemawonna di Sipatahoenan mah.

Raksapradja.

## Verslag koempoelan oemoem tjabang Pasoendan Soekaboemi dina tanggal 17 Juni 1928.

Tempatna di sakola klas II Pintoehek kenging idinan Voorzitter School commissie di Soekaboemi lantaran anoe rek dibarempoegkeun teh babakoena tina perkara Schakel-school di kota Soekaboemi.

Noe saroemping langkoeng ti satengahna. Saparantosna Djoeragan Voorzitter nganoehoenkeun ka Schoolcommissie sareng Djoeragan Mantri Goeroe Pintoehek, pribados kagiliran matja verslag conferentie H. B. dina boelan April di Soekaboemi. Perkawis Schakelschool dipasrahkeun ka Djoeragan Idat. Koe andjeunna didadarkeun kasoesahanana ngasoepkeun baroedak ka H. I. S. henteu sambarangan djelema bisa ngasoepkeun boedakna. Ajeuna mah noe kolotna ka oentoenganana koerang ti f 75.— saboelan teh di tolak bae, djadi kapaksa ngarasoepkeunana teh ka sakola klas II atawa sakola dessa, sarta noe harajang teroes diadjarna bisa menta asoep ka Schakelschool. Tapi koelantaran di Soekaboemi taja Schakelschool, kapaksa noe harajang asoep mah koedoe ka Tjiandjoer atawa Bogor. Katoekang-toekang oge koe pri jaji-prijaji di Soekaboemi eta sakola geus dipenta tapi boektina nihil keneh. Koe sabab Tjabang Pasoendan di Soekaboemi anjar keneh diadegkeunana, sarta kaerong saajeunaeun mah koerang keneh pibabaneunana pikeun itikoerih sorangan, vergadering njieun motie bae heulaanan, eng ke dimana lamoen eta sakola leueng bae, tangtoe Tjabang Pasoendan moal tjitjingeun hajang ngadegkeun sakola Schakel sorangan.—.

Motie v/d Vereeniging Pasoendan Afd. Soekaboemi.

Afd. Soekaboemi van de Vereeniging Pasoendan byeengekomen op den 17 den Juni 1928 te Soekaboemi.

Gehoord de debatten op die vergadering, overwegende, dat de oprichting van een Schakelschool op Soekaboemi urgent is, heeft besloten den Burgemeester van Soekaboemi beleefd te verzoeken by de regeering een voorstel aanhangig te maken tot de oprichting van een Schakelschool op Soekaboemi en

gaat over tot de orde van den dag.-

De Voorzitter

(w. g.) O. Widjaja

De Secretaris

(w. g.) S. Soeriadiradja.

Vergadering moepakat pikeun leden di Soekaboemi njieun bewys van lidmaatschap, dijoealan ka elid elid 5 cent hidjina; oge njieun lyst pikeun ongkos deputatie. Djoeragan Neneng, Djoeragan Soekanda s.dj.t seueur pisan masihanana katerangan anoe pantjantel djeung perkara-perkara noe diloehoer.

Saparantosna Djoeragan Voorzitter sakali deui nganoehoenkeun ka noe saroemping, ka Voorzitter Schoolcommissie sareng Djoeragan Mantri Goeroe Pintoehek, koempoelan ditoetoep.

Secretaris

S. Soeriadiradja.

## „Soepaja oelah hese kahar.ina."

Sip. No. 22.

Djoeragan katjida pisan koeringatohna wireh djoeragan kersa ngritik ka koering, dasar saleresna anoe mitak koe koering di serat dina Sip. oge, njaeta soepaja sami terang, sareng soegan aja anoe njabab. Sajaktosna katjida abdi atohna sok soemawonten dikritik dalah ditampiling oge sakaloearna tina koempoelan Raad Kaboepaten koering soeka katjida lamoen koering salah tekad. Djoeragan ngalahirkeun: naha kapaksa? Kapan somah teu nitah maksa? atoeh poe-

goeh djoeragan ari kitoe tea mah. Kapan ari somah mah ngan milih kisman, nja kisman milih Lid, djadi ajeuna kahartos koe sadaja lid noe aja dina koempoelan Raad Kaboepaten, djadi rek beureum rek hideung koemaha lid bae, barang kaajaan dina koempoelan lid koering boektina mah teu benten sareng tjatoer. dimana geus patoegeng-toegeng nja sok ngasorkeun 1 asal ngahakan 2 atawa 3, njakitoe deui koering dina koempoelan, njoehoenkeun ka Djoeragan poersiter roepa roepa pangaboetoeh somah ngan oekoer didjawab, ke diinget keun da koemaha taja doewitna, dja di kenging disebat tjohagna paoeng geuk-oenggeuk. atoeh taja toengtoengna.

Dina koempoelan 15 September 1928 pamoendoet College koemetir ngada mel 6% tina padjeg harta banda sareng kaoentoengan koe koering di tolak (koering aja dina tegen) pang nolak teh sabab tina karasa beurat djeung roengseb ngoeping Opcenten teh. Tapi barang koering wangsoel ka rorompok, diemoet-emoet da moal sae paoenggeuk—oenggeuk nja emoet itoeng itoeng tjatoer maroestei 4% tina padjeg kaoentoengan harta banda sareng perponding, dina koempoelan koering ngakoe serba salah, moerstel opcenten asa njoenatan maneh ari teu kitoe karoenja ka oerang pasisian, saperti: djalan Sodong Deudeul djalan Salopa sareng djalan Tjineam Tjigoegoer, eta djalan aloesna ngan keur dina tangan herdines, dina djaman Gewes sareng Regentschap salebet 3 taoen. kenging disebat taja tapakna pangome. inghale eta djalan katjida goenana pikeun oerang sisi balawiri, bener ari keur mobil mah teu perloe, mangga oeninga djalan Tjineam Tjigoegoer aja 1 djam batan Tjiseel, eta sasak ti djaman Gewes nepi ka ajeuna teu aja bae, eta Tjiseel biasa tjaah dadakan. lamoen oerang isoek isoek geus aja sisi Tjiseel sanadjan tjaah bisa ditoenggoe 6 djam tangtoe bisa meuntas dina poekoel 12.

Tapi koemaha lamoen oerang datang poekoel 5 sore, kapaksa noenggoe sampe poekoel 11 12 peuting, nja kadjeun lamoen teu hoedjan, koemaha lamoen hoedjan? Kapaksa moelang deui nandjak noe nangtawing ka Tjisaroea noe djaoehna $2^1/_2$ pal, beulah ditoe kapaksa balik deui ka Singkoep noe djaoehna 3 pal nandjak anoe ngemplad. Tah djoeragan anoe matak ngajakeun opcenten teh. Deui koering geus oeroen ka propensi 4%, tapi mangga bangsa Walanda naon noeloengna kana Regentschap, tjoba koe djoeragan terangkeun?? anoe matak wajahna koering njiwit maneh soepaja bisa njiwit ka djoeragan Tiong Hwa sareng ka djoeragan djoeragan bangsa Walanda, kitoe oge ngan boeat taoen 1929, bae, oge koe koering di beungbeuratan, pikeun kapajoen moal kasanggakeun deui, sae oerang bareng bareng (raad) oerang njoehoenkeun ka propensi saperti tina padjeg potong hewan sareng tina padjeg mobil mobil, soegan pirakoe djoeragan djoeragan koemitir ari kahandap bisa moendoet opcenten, ari ka propinsi teu wani, sareng lamoen bener bener bangsa Tionghwa sareng bangsa Walanda ngaraoe beurat teu wani soeson soson soepaja raad njoehoenkeun padjeg noe kasebat di loehoer djadi milik kaboepaten, djeung soesoeganan Waterleding deuih kamilik koe Kaboepaten wireh keur di gerenjih ti kapoengkoer. Harita keneh djoeragan, dasar bangsa Walanda mah pinter, oeninga di kabeurat, moen nanggoeng temah emboeng poeudoek moendoekoel. Djoeragan Syrier ngadamel motsi njoehoenkeun soepaja padjeg padjeg mobil mobil dipaparinkeun ka Regentschap, koemaha lamoen dikaboelkeun sahna anoe oentoeng? Koering oge ngarep-ngarep soegan bae solokan solokan di kota Bandjar dipiara ari geus aja doeit mah.

Tjipanas, Tjikoepa noe sakitoe perloena keur noe gareriug, sampe aja 40 djalma anoe tatamba taja saoengna, aja oge saoeng koe tepoes anoe gering, ari datang toeloej njieun sorangan, tangtoe koe Regentschap dipiara da geus boga doeit, djeung koering mentana wani masing bari djeung toendjoek ngatjir oge da geus mere opcenten.

Tjeuk djoeragan, Regentschapsraad adil teu ngabedakeun ka bangsa Tiong Hwa sareng ka bangsa Walanda oge, atoeh poegoeh koering oge teu ngabentenkeun, anoe margi kitoe oge lamoen koering ngabedakeun mah, morstel opcenten teh ka bangsa Walanda Tiong Hwa bae, ka bangsa koering oelah, kapan ieu mah dibeiaan njiwit maneh njoenatan maneh, njaeta soepaja oelah diseboet ngabedakeun, da di beda beda teh teu ngeunah geus karasa koe koering.

Sing pertjaja djoeragan, lamoen djoeragan djadi lid pek morestel njoehoenkeun soepaja opcenten dikeunakeun ka bangsa asing bae, saloepoet na koe koering diseungseurikeun. sanadjan bela kabangsa oge, da ari koering mah di raad teh lain rek bela bangsa, ngan rek bela kana kaadilan, hajang adil, ari adil mah teu pilih boeloe datang ti sagala bangsa oge ngeunah.— Aeh mepende enja djoeragan mepende sabab bisi salah ngarti sabab ari dina raad mah kari koemaha Lid rek pasang bangkong rek pasang hajam kari koemaha Lid. sing pertjaja djoeragan koering moal ngadjoeal bangsa, tjenah koering eleh koe lantaran bodo kabobodo, kadjeun da teu salah tekad, djeung bongan atoeh milih anoe bodo, da ari koering mah daek soteh sieun diseboet teu nohonan kawadjiban hiroep.

Samboengeun.

H Proewito.

---

## Verslag Vergadering Tjabang Pasoendan Soekaboemi.

Samboengan.

Oemoerna koempoelan-koempoelan di oerang geus 20 tahoen mimitina B. O. ti taoen 1908, teroes S. I. djeung Pasoendan mah breng bae. Pang ka tjida metjalna ti tahoen 1914, noe njarieun koempoelan teu katahan, sabab beuki inget kana goenana goejoeb, sabab hiroep beuki hese.

Ti tahoen 1598 oerang Walanda manggihna kabetah di oearang saperti bangsa oerang datang ka Deli manggih kabetah da boetoeh koe kahiroepanana. Teroes ngakoe djadi goeroe oerang. Noe matak pepeling ka sarerea sarakola teh sing garetol, ambeh tereh diploma, ambeh palinter, da goeroena oge pinter. Apan sakola oge sok aja tamatna.

Pasoendan baris ngoeroes kabangsaanana soepaja saroea hargana djeung bangsa batoer. Tjoba saroeakeun harga bangsa oerang djeung Tiong Hoa, djeung oerang Inggris? Oepama harga batoer 50 sent, oerang oge oelah koerang ti 50 sent, kitoe oge njaeta lamoen saroea pangartina. Galeuhna toe djoeun Pasoendan teh njaeta ngamadjoekeun perkara economina (kabeungharanana) oerang Soenda, baris ngadji kabeungharan, Lain ngadji djangdjawokan kertas sanggeus apal eusina didoeroek terces dihakan.

Oepama oerang njaba ka Bandoeng, tjing neangan pioebareun di Java Straat, di kampoeng Jaarbeurs, anoe moë moetoe, moë tjalana boedak, tangtoe moal manggih. Tjaritjing di dinja lain pedah disiugsieunan, ngan doemeh bonganna sorangan. Bareto noe njitjingan Pasar Baroe patengah djeung bangsa oerang. Koemaha ajeuna? Djati kalindih koe djoenti, priboemi kasilih koe djoenti, priboemi kalindih koe semah. Tjing pirakoe ari rek pindah kalangit mah. Sarerea koedoe inget ka anak intjoe oerang geuning asal 25 joeta ajeuna geus koerang leuwih 50 joeta, geuning hiroep teh geus sakieu karasana, beuki lila beuki hese. Bareto daragangna bangsa oerang ka poelo Madagascar, Siem, Singapoera. Ajeuna ti Soekaboemi ka Djampangkoelon geus aneh.

Bareto ka Palembang dagang, ka Hindoe dagang. Ka Singapoera didjieun djalan ka tjai. Koemaha ajeuna? Paling moedjoer meuntas district. Naon sababna? Sabab kaelehkeun koe panemoe semah. Lain oerang koedoe ngewa ka semah, tapi oerang koedoe hajang saroea djeung semah, oelah hajang noendoeng, oelah eta mah goreng Pangbisana boga modal gede teh, lain doeit sorangan tapi doeit babatoeranana dibidjikeun djadi loba. Naha ari oerang noe sakieu loba djelemana teu bisa? Tjeuk noe leukeun ngawintjik, kabeungharan oerang leuwih loba ti batan modal anoe datang, ngan oerang teu njaho, teu ngarti kana ngadjalankeunana. Tanah di oerang oeploek aplak, bandana aja, tapi mana boektina, lantaran teu boga kahajang, teu boga kadaek. Oelah hajang djadi Nabi, tapi noe kadada kadoega.

Oerang koedoe hajang pinter, beunghar djeung moelja, tapi oelah tetep dina hajang bae koedoe rikrik kana ridjki saeutik, koedoe getol, koedoe ngadjaga aja sasana. Ngalamoen djeung hajang koedoe saenjana djeung prakna. Oelah ngalamoen meunang lotre tapi teu meuli elot. Sanadjan hajang djadi wali tangtoe make djalan kawalian, djeung prakna didjalankeun. Keur pinter beunghar tangtoe taja kaboetoeh tjontona: djoeragan Ijan. Harkatna asalna leuwih handap ti oerang tapi koe kapinteranana djeung kabeungharranana ajeuna geus saloehoereun. Apan kamerdikaan didinja oge geus datang. Sanadjan boga bisloeit ari leutik mah teu poegoeh, da teu weleh koedoe ngagepor, andiprek atjong - atjongan.

No. 2 toedjoean Pasoendan noe moendel nja perkara pangadjaran, sabab pangadjaran mah kakawasaanana teh saroea bae djeung kabeungharan. Katipoena, kaolona koe batoer ngan saksak-saksak, komo koe bangsa batoer noe kedjem mah. Naon sababna? Sabab bodo. Mana oge koedoe palinter. Pang martabatna bangsa oerang ngan sakieu oge, nja koelantaran kabodoan. Hajang loehoeng koedoe dioedag koe pangarti. Harta djeung harti teu bisa pisah. Oerang sarerea koedoe ngagedekeun pangadjaran. Boekti Prof. Dr. Hoezein Djajadiningrat saroea martabatna djeung Djepang djeung Walanda, da oeteukna dieusian. Ti 1906 kana pangadjaran paboro-boro, tapi masih atjan tjoempon keneh bae, da ngan karek oekoer 4% noe bisa matja, bedana djaoeh pisan djeung oerang Europa sabab diditoe mah geus aja 84-86% noe bisa matja djeung ngitoeng teh. Di Nagri Walanda noe teu bisa matja djeung noelis ngan 2%. Koe lantaran eta oerang koedoe ngoedag, koedoe njoesoel. Njoesoelna koemaha djeung koe saha? Koe oerang djeung kalawan panoeloengna Pamarentah, atawa Pamarentah dirodjong koe oerang.

Sakaloearna sakola oelah hajang make badjoe atela, tapi koedoe hajang hiroep merdika, oelah hajang djadi koeli. Noe hiroepna merdika teu boga doenoengan, morongkol oge senang teu tjara noe koeli. Koeli koe tanaga atawa koe pangarti saroea bae koeli taja bedana. Noe sakola oelah hajang koeli, tapi koedoe bisa neangan kahiroepan, dimana geus tjoemarita.

Pasoendan boga H. I. S. beunang sorangan. Itikoerih sorangan, ti Pasoendan ongkosna $^1/_4$ ti Pamarentah $^3/_4$. H. I. S., M. U. L. O. Pasoendan saroea pisan hargana djeung noe Pamarentah, sehat waalfiana. Tah ajeuna di Djampangkoelon geus ngadeg Tjabang Pasoendan, moegi moegi sing bisa menta sakola schakel. Dina mentana koedoe djeung tatakrama, koedoe keukeurenweut, teu dikaboel gegelendeng mah meunang, da moal dikasab. Lamoen oerang kapandeurian, engke oerang Kristen atawa Tasaoep njieun sakola di dieu.

Oerang tangtoe njakolakeun ka dinja, teroes kaoesapan toengtoengna katjotjo, sabab eleh koe toedjoeanana. diadegkeun koe oerang Eroem, toedjoeanana oge Eroem. Diadegkeun koe Pasoendan mah netral.

Pasoendan rek oeloe bioeng djeung Pamarentah. Koe ketjap politiek entong moeriding da ti baheula oge geus aja. Geuning dina dongeng dongeng aki, nini oge, oerang bareto geus ngiloe oeloe bioeng ngiloe ngaheujeuk nagara. Politiek ti baheula geus aja ngan beda ngaranna. Politiek teh mang poeloeh-poeloeh roepa saperti politiek dagang. Di imah oge boga politiek, njaeta politiek djeung pamadjikan soepaja beres. Ti baheula, koempoelan dessa, milih loerah, oeroenan desa, ana kitoe desa oge geus kana politiek. Apan Kangdjeng G. G. koe andjeun (noe mangkoekna + noe ajeuna) geus ngagoepajan ngadjak koedoe miloe tjampoer. Mimitina ngadeg Gemeente taoen 1903, geus diajaan bangsa oerang, tapi ngan oekoer keur neangan oebar, oebar noendoetan. Kaajeunakeun aja petepok kiesman. Eta pangadjak pamarentah soepaja ngiloe dina raad Kaboepaten. Oerang hoedoe boga wawakil di R. K., keur naon? Njari takeun kaboetoehna kabeuratna, kaamananana di Djampangkoelon. Oelah tjameunden tjara tjandi, ngabetem. Hade gorengna R. K. lain koe Voorzitter saoerang, tapi koe sakabeh lidna raad. Keukeuh tjena oerang teu boga wawakil, nja dikoemaha, tapi aja keneh bae, rekes djalanna ka djoeragan Tjamat, djoeragan Wadana, indoeng bapa oerang di Djampang koelon. Tah kitoe djalanna paheujeuk heujeuk leungeun djeung Pamarentah teh, oelah sili sikoe, sili sintreuk. Djeung djr. Tjamat djeung djr. Wadana koedoe babarengan. Teu poetoes didieu sina diwidang di Dajeuh. Salah pisan loba noe njarita Pakoempoelan sok paketrok djeung kapala.

Saloehoereunana Raad Kaboepaten, nja Raad Provinsi, djeung noe pangloehoerna Volksraad, nja eta pikeun ra'jat.

Kadjaba ti economi, pangadjaran djeung oeloe bioeng ngaheujeuk nagara oge Pasoendan rek tjampoer kana politiek sapopoë saperti miara ngahadean cultuurna oerang Soenda kasehatan djeung pataniananа oerang Soenda.

Elmoe kabaheulaan pantoen sisindiranana oerang Soenda rek dipiara, sabab ajeuna rek leungit. Tatakrama moal dipitjeun, tapi sagala oge noe baris ngahalang-halang kana kamadjoean rek disaroengsoem, rek di toengtoet diberesan soepaja djadi leuwih hade. Elmoe elmoe baheula rek diadji, tapi lain ngadji kawedoekan, sabab geus euweuh.

Arek noengtoen soepaja elid-elidna resep kana pakarangan beresih, ngahadean dadaharan, dilezingkeun koe noe bisa. Lamoen didieu di Djampangkoelon boetoeh, koe doktor atawa koe verpleger, pek sidikkeun enja perloe henteuna, badamikeun djeung djoeragan Wadana serta babarengan soepaja dipalire. Pikeun noengtoen kana patanian Pasoendan rek tjampoer djeung ahlina. Kana Agama lain Pasoendan rek moporekeun tapi ngan koesabab atjan aja djelemana bae.

Digawena Pasoendan didjero wet, baris noendjang oelah loba paling, rampog, karoesoehan djeung sadjaba ti eta. sabab di tanah tanah noe loba kagoedjroedan hese madjoena. Sakali deui njeboetkeun boengah hate reh di dieu roekoen, malah geus loba noe djadi lid pakoempoelan kabangsaan njaeta Pasoendan. Mangga padjoekeun, ekonomi, pangadjaran, djeung kana politik dina waktoena koedoe inget, tanaga, koempoelkeun, koedoe njonto ka bangsa bangsa sedjen noe geus loehoeng.

Djoeragan Wiastapoera.

Tadina mah rek pandjang pisan, tapi ajeuna geus seep dadas koredas. seep koe djoeragan Wirasendjaja. Mak sad lebet lid kana koempoelan kedah oelah ngingetkeun pikeun goena sorangan tapi pikeun oerang rea, ti Marhaen dugi ka loehoer-loehoerna. Pasoendan sanes pakoempoelan somah atawa menak tapi pakoempoelan oerang Soenda noe geus kajakinan hajang.

Dina statuten Pasoendan anoe geus meunang rechtspersoon dina taoen 1914 oge geus ditetepkeun jen Pasoendan rek tjampoer kana politiek make dadasar kabangsaan. Di sakolong langit aja bangsa noe madjoe aja bangsa noe moendoer. Noe madjoe njaeta noe geus tjoekoep arta djeung artina Arta (modal) djeung arti (pangarti) di hidjikeun djadi kabeungharan harta banda. Boga arti tapi teu arta nja koeli koeli keneh bae. Hidji bangsa boga arta djeung arti dilarapkeun djadi kabeungharan, djadi datang ka koeatanana bangsa. Tjonto oerang Europa djeung Djepang dina djero poeloehan taoen ngirim - ngirimkeun baroedak ka djaoehna, soepaja neangan arti djeung arta. Kitoe datang na kamoeljaan, kakoeatanana bangsa.

Memeh Agama Islam datang ka oerang karoehoen oerang Agama Boeda djeung Brahma. Tjoba araos djaman Madjapait, Padjadjaran lajarna karoehoen oerang lain koe parahoe bae tapi make kapal dagang djeung kapal perang. Kota kotana, adeg-adegana geus pruh djeung bitoer, malah nepi ka kiwari loba noe nongtot. Elmoena geus loehoer, elmoe palak, boekoe-boekoe ditoelis koe boedjangga-boedjangga noe laloehoeng. Tjing ajeuna aja kapal dagang noe bangsa oerang lajar ka Hindia djeung Aprika? Djadi oerang teh kasoep kana bangsa anoe moendoer.

Koe basero katjida pisan gantjangna koeat teh, boekti Bank Prijaji di Bandoeng, Levensverzekering di Djogja noe ditjekelna koe oerang priboemi Perhimpoenan Soedara di Bandoeng, di Tasik, djeung di Tjiandjoer ngetrik ajeuna kabogana geus reboean.

Elmoe toengtoet soepaja djadi ka salametan enggouing oerang hiroep, koesabab eta perloe matja soerat kabar. Tjabang Tasik ngajakeun soerat kabar Sipatahoenan, hidji leuwi noe kamashoer. Basana basa Soenda, sabab basa batoer mah di oerangna njemah teu roeket djeung oerang.

Anoe geus maradjoe oge teu boemeng njieun koempoelan saperti I.S.D.P., P.E.B., I.E.V. dj.s.t. pada boga maksoed hajang ngadjoengdjoengkeun elidna. Oerang noe harandap keneh ngartina koedoe leuwih ti itoe. Noe teu moepakat kana koempoelan eta tapsoet.

Toean Soerjosasmojo (oetoesan P.S.I.).

Toean Voorsitter dan vergadering Saja hanja hendak menambah dari hal perkara ekonomi, satoe factor jang goena itoe. Tiap tiap bangsa poenja kepentingannja. Ekonomi itoe mendjadi kakoeatan bangsa. Kaloe bangsa tida poenja kakoeatan economie, itoe bangsa tida koeat. Pikir dengan dalam. Ekonomi dan politik mendjadi satoe. Oleh sebab itoe economie dan politiek haroes dikerdjakan sama sama. Perloe sekali bekerdjakan economie, tapi politiek haroes dibangoenkan oleh segala pergerakan.

P.P.P.K.I. hendak membangoenkan bank kebangsaan di Soerabaja. jang dinamai Nationale Bank, dan memintatoeloeng. Boeat mendjoengdjoeng kita ini misti ada Bank kebangsaan. Ini satoe perkara jang amat penting. Oleh P.P.P.K.I. hendak disebarkan permintaan sidekah boeat bank itoe.

Djoeragan Wirasendaja teroes nerangkeun maksoedna, hartina P.P.P.K.I. didieu moal dimoeat bisi pandjang teuing djeung boseneun noe matja. Oge tina perkara Nationale Bank di Soerabaja koe andjeunna di dadarkeun maksoedna, malah meneran keun tjariosanana Toean Soerjosasmojo, jen eta Bank lain rek mentaan sidekah ti dieu saperak ti ditoe limapitjis, lain rek baramaen, tapi ngajakeun modalna koe ngaloearkeun aandeel. Gedena modal samalioen roepia malah satengahna mah geus disanggoepan koe Levensverzekering oerang priboemi di Djogjakarta.

Ari soembangan noe rek dipentaan tea mah lain pikeun Nationale Bank, tapi pikeun P.P.P.K.I. sectie Batawi rek meuli gedong sorangan, oelah nepi ka pakoempoelan pakoempoelan oerang priboemi hese neangan tempat pikeun vergadering dj s t. Kira-kira poekoel satengah satoe Openbare vergadering ditoetoep, ditoeloejkeun koe Besloten vergadering Tjabang Djampangkoelon.

Secretaris

S. Soeriadiradja.

---

## Biantara djrg. Poerwita Tri waktoe pasamoan R. K. Tasik.

Djoeragan Voorzitter!

Sareng hormat:

Sabibar tina kempelan Raad kaboepaten ping 15 October 1928 di rorompok henteu pegat pegat ngemoet kana papantjen para djoeragan College, nja eta kedah milari gegentosna doea roepi opcenten keur goena kaboepaten Tasikmalaja.

Doemoegi ka kiwari henteu kaboedjikoe ati, henteu katjipta koe rasa poegag akal keur nedeenan kaperloean kaboepaten noe sakitoe pentingna. Doepi margina:

A. Ngalirik kana kaajaanana abdi abdi noe lalentik parantos katingal abot pisan noe djadi tanggoenganana tina roepi roepi padjeg.

B. Ngaleret kana kaajaannana rajat pertengahan boh toekang dagang, toekang Tani, dalah menak menak Ponggawa kdj. Gouvernement oge, malah katingalna langkoeng abot ti batan abdi abdi noe leutik tina roepi roepi padjeg, deui onderwijs noe djadi tanggoenganana.

Katerangan noe langkoeng terang pikeun rajat pertengahan mah nanggoengna opcenten parantos opat roepi tina padjeg:

| | | |
|---|---|---|
| Pangasilan, keur nagara | . | 20% |
| „ „ Provincie | | 24% |
| Roemah tangga keur | „ | 4% |
| Verponding | „ „ | 4% |
| | Djoemblah | 52% |

Tjatjak keur njoemponan opcenten noe 52% oge noe geus djalan rajat teh ongkoh parantos sakitoe raripoeheunanna angot-anget ajeuna bade ditambih deui 12% keur kaboepaten, atoeh woewoeh ripoeh tambih abot bae, sanget mangrisikeun inggis rajat

pada ripoeh lami-lami djadi mopo.

Koe djalaran kitoe harita abdi nembongkeun ka teu panoedjoean (tegen) kana ngajakeun 12% opcenten tina doea roepi padjeg keur goena kaboepaten Tasikmalaja.

Djoeragan Voorzitter!

Nanging sawangsoelna ana emoet kana kaperloean kaboepaten noe kaoengel dina Regentschapsblad nomer 18, serat nomer 2203/12 R. R. ping 22 September 1928 kedah ngajakeun artos sadjoemblah ± f 35000 (tiloe poeloeh lima reboe roepia) keur ngeusian Post-Post noe sakitoe parentingna toer parantos sah ditampi koe Raad kempelan ping 15 October 1928. Katoeroeg toeroeg Lid koemisi noe diperedih milari gegentosna tina ieu opcenten parantos sami mopo bol-oleh teu tiasa nedoenan keur soesoelihna.

Koemargi kitoe abdi kapaksa nga robah haloean, moepakat kana peros telna djoer. Hardjo Proewito Lid R. K. wakil ti Bandjar noe parantos di rempoegan koe p. djoeragan djoeragan College Gecommiteerden. Pasal ieu abdi sakantja lid noe salaloean sanes pisan henteu emoet kana waardigheid na diri, sebagi lid henteu tegoeh hen teu pengkoeh dina hidji toedjoean ka paksa djiga loentjat moelang, lantaran emoet kana kaperloean kaboepaten noe teu aja gilireun deui.

Djadi pikeun taoen pajoen 1929 koe abdi sakantja lid noe teu satoe djoe mangga kasanggakeun, Raad Kaboepaten narik sadjoemblah 12% opcenten njaeta tina:

| | | |
|---|---|---|
| Padjeg pangasilan | | |
| „ roemah tangga | sadjoemblah 12% keur | kaboepaten. |
| „ Verponding | | |

Ieu tiloe roepi opcenten njandak ti pendoedoek Regentschap Tasikmalaja noe pangasilanana dina sasasih f 100 (saratoes roepia) sataoen f 1200 (sareboe doea ratoes roepia).

Nanging ieu tiloe roepi opcenten tetep kanggo sataoeneun bae taoen 1929, ngalangkoeng ti sataoen moal kasanggakeun deui margi tadi oge di loehoer parantos kaoendjeek boh rajat leutik boh rajat pertengahan parantos kaliwat raripoeheunana, ana dipaksa inggis bilih ngadjadikeun kirang aman katengtreman kaboepaten.

Djoeragan Voorzitter!

Nja kitoe deui di salebet taoen 1929 abdi sakantja lid njoehoenkeun sareng sanget soepados djoeragan djoeragan College Gecommiteerden ngamanah deui pigentoseunana ieu tiloe roepi opcenten. Nanging sanget pisan moegi oelah ngatoer ngatoer moendoet ti ra jat deui, doepi margina ti pihak rajat

# OEARAN

Mere terang di kantor Raad Kaboepaten Tasikmalaja, disadiakeun lilana 14 powe, pikeun ka sakoer anoe hajang ningalian rarantjang-begrootingsrekening kaloearan djeung panarimaan Kaboepaten Tasikmalaja taoen 1927.

Boepati Tasikmalaja

**Wiratanoeningrat.**

# Lelang Kajoe.

Tanggal 14 December 1928 poekoel 9¼ pagi di roemah bola Galoenggoeng Tasikmalaja dari: 40 M³ kajoe djati ada di Bandjar dan Bandjarsari 2 blok kajoe djati jang masih berdiri di oetan Oeroeg Tasikmalaja.

3 blok kajoe taoen jang masih toemboeh di oetan G. Mandalagiri dan G. Papandajan Garoet.

Kavelingsoverzichten dan lain-lain katrangan minta sama Opperhoutvester di Garoet.

# Hatoer oeninga

Dina dinten Rebo ping 28 November 1928 poen bodjo, Nji Rd. Saribanon, parantos **ngalahirkeun** baji lalaki, wasta poen **Soelaeman.**

Bijangna sareng bajina loeloes moeloes teu kirang sawios-wios.

poen **Odang Prawiradiredja**

**Tjabak post Blora.**


**BADE DIITJAL.**

Hidji automobiel merk „Fiat" type 501, pangaos f 2000. -

Boh karetana nja kitoe oge mesinna sae keneh pisan.

Kateraugan langkoeng paos sae moendoet ka kantor:

**APIWABI**

Tjibadakweg No. 38 Bandoeng.

**TAN JOE AN**

**TOEKANG GIGI**

Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes

**Toko „BENG"**

tel. No. 2

TASIKMALAJA.

Sajagi roepa-roepa barang noe marodel, saperti sendok, garpoeh, peso medja, peso lipet, peso tjoekoer, sareng goenting mesin ramboet, sanesna ti eta njondong lampoe baterij roepi-roepi merek. Eveready, Winchester, Simmons, Aja deui noe langkoeng model lampoe batre noe alit teu matak ridoe ageungna sami sareng dompet, teu kinten terangna, sareng mirah hargana ngan f 0,80. Tina reservena sajagi tina sagala merk.

Bedil B. S. A. ajeuna toeroen harga, mangga naros bae ka toko Beng.

Ajeuna djaman kamadjoean, lamoenna bade ngarot oelah pisan ngaleueut tjai samarangan nja eta tambana kedah ngagadoehan Filter (saringan tjai) noe matak ngawalagrikeun kana salira.

Sadjabi ti eta rewa deui barang-barang noe marodel sesah ditoeliskeun lamoen ditrangkeun saroepi-roepina barang.

Sajagi roepi-roepi landong, sareng arak obat „Hipprocrates."

**Schoenmakerij en Kleermakerij**

**„Malah Mandar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalai, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos

pesenan poen

**O. Sasmita.**

**Kleermaker M. SOEKARDI**

**Gang Bruijns & Thijssen No. 8.**

**BANDOENG.**

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang,

**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

**Perloe pisan keur noe ka**

**MEKAH.**

Oepami ka Mekah katjida perloena njandak landong-landong noe perloe dianggo. Benten raosna oepami ti oerang parantos toempak kapal, komo parantos soemping ka Nagri sanes mah. Sanes Nagri sanes hawana, sanes deui raraosan badan. Djagi oelah doegi ka teu damang di nagri deungeun. Saena mah sajagi pikeun noeloengna.

Kadjeun teuing landong teu perloe keur andjeun nanging kenging dianggo noeloeng sobat sobat atanapi noe sanes.

Ieu teh **ibadah** noe teu kinten saena Sajagi di Toko sim koering toromol dieusi sagala roepi landong kaperloean noe angkat ka Mekah. Oepami parantos ngagaleuh ieu toromol tangtos ngaraos tengtrem, moal sieun bilih teu damang.

Mangga tae soemping ka Toko parios koe andjeun.

**TOKO**

**NIC MULLER**

Goenoenggladoe 15

**TASIKMALAJA.**

Telepon No. 26.

**Kapoer TEMBOK dan Kapoer SIRIH dalem BLIK.**

Dari Fabriek - fabriek

**Kalkbranderij „Tjisaät" halte Tjisaät.**

**Kalkbranderij „Preanger" halte Tagog apoe.**

**Kalkbranderij „Berg" halte Tagog apoe.**

Kwaliteitnja selamanja ditanggoeng baek! Soedah **goedgekeurd.**

Boleh pesen pada:

Directienja

**ANG SIOE TJIANG**

Handel Mij.

Batavia Bandoeng, Soekaboemi.

**Telf. No. Btv. 740, Bdg. 1377, Si. 183.**

**M. I. PRAWIRA - WINATA**

Boekhandel • Drukkerij —o— Boekbinder - Lijstenmakerij.

**Katja-katja Wetan 132 — Bandoeng.**

Parantos mah aja reboena pesenan anoe ditolak djalaran parantos seep boekoena.

Ajeuna parantos medal boekoena, anoe langkoeng sae sareng langkoeng mirah pangaosna, batan anoe kaboengkoer, nja eta boekoe:

**Pangadjaran Salat.**

Karangan

M. SASTRA'ATMADJA.

Anoe ngarang **Ibadah kalawan Iman, Mi'radj** sareng **Hikajat Nabi Paras** Dina lebet saminggoe nanggel iasa,

Pangaos f 0,75 — Faranso di Post f 0,20 — Rembours f 1 40

Ieu boekoe kenging oge di Bon.

**KITAB FIQH dan TAFSIR QOERAN.**

**ALBOERHAN.**

Kitab hoekoem-hoekoem ibadat Islam, keterangannja hanja dari Qoeran dan Hadits bagian I f 1,— soedah terbit.

AL—FOERQAN, tafsir Qoeran, pakai arti letterlijk, arti rangkaian, noot arti ringkasan, bahagian I - II - III f 1.— telah terbit. Jang BAHASA SOENDA bahagian I f 0,80 soedah terbit.

Tiga kitab itoe ajat Qoerannja dan Haditsnja pakai hoeroef Arab berbaris dan artinja pakai hoeroef Latijn

Pesanlah atau meminta'lah tjontoh dari

**„Persatoean Islam"**

BANDOENG.

**Toko Boekoe**

**TROMP DE HAAS**

voorheen toko **WEBER**

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Saiagi roepi-roepi: **Vulpen houder** sareng parabot **sakola** sareng **Kantor** Ngitjal **pennas** pikeun vulpen.

**Preanger Chemicaliën Handel**

**TASIKMALAJA**

Sajagi katja panon model noe pang anjarna tina nekel, doble sareng penjoe pangaos ti f 2,50 doegi ka f 30.— Sajagi minjak seungit ti Cotij sareng Houbigant. Sajagi sigaret sareng soeroetoe merk **Cadena.**

Gramophoon merk Odeon sareng platna roepi-roepi lagoe, sapertos lagoe Walanda, Malajoe sareng Soenda, pangaos 1 plat f 2,50.

mah anoe parantos sakitoe pongpetna teu aja geusan tjiwiteunana deui.

Koe pamandangan abdi keur kapajoenna kaperloean kaboepaten Tasikmalaja tangtos tambih seueur tambih ros keui nganggona artos keur waragad papaes kaboepaten. Koemaha atoeh djalanna? timana pimeunangeu nana artos? da ti rajat mah tadi oge di oeningakeun parantos pongpet.

Koemargi eta disoehoenkeun koe abdi sakantja lid soepados para djoeragan College merostel ngarawel ka noe ti loehoer sing doegi kalaksana pasedjaan oerang. Ieu djalan katimbang hidji sikep noe oetami pikeun nembongkeun kapertjajaan rajat kana ajana sareng paedahna aja Raad kaboepaten.

Sabadana abdi oendjoek noehoen parantos dipasihan waktos kanggo nerangkeun pamandangan oemoem.

Sareng disoehoenkeun ka djoeragan Secretaris soepados ieu pamanda ngan disalin sadajana dina notulen, timpah matoer noehoen.

## „Al - Boer - Han".

Hatoer noehoen Administratie Sipa tahoenan parantos nampi kitab „Al—Boer—Han" djilid I ti Persatoean Islam Bandoeng. Basana basa Malajoe sedeng gampil dihartoskeunana. Edjahanana leres edjahan Malajoe benten pisan sareng basa atanapi edjahan basa Malajoe dina koran-koran „Malajoe". Eusina teu kiuten saena. modern, noeroetkeun kabajang djelema ajeuna noe ngaroelik agama.

Noe ngarangna Djoer. A. Hassan goeroe „Persatoean Islam di Bandoeng. Tingali advertentiena.

## Parahiangan.

Hatoer noehoen Adm, Sip. parantos nampi nomer tjonto, Parahiangan poestaka mangsa basa Soenda kaloearan Bale Poestaka. (Goeperemen).

## Enggal

Artoe toenggakan langganan Sipatahoenan kintoenkeun.

Oepami noe ditagib koe postkwitantie, kedahna majar kirang tina noe diseratkeun dina kwitantie tea, sae bajar sakoemaha mistina, ladjeng serat dina postkwitantie dibajar sakitoe. Tjontona: noemoetkeun kwitantie f 4,50 nanging moeng majar f 3.—serat bae dina kwitantie dibajar f 3 — ladjeng tawis.

*Adm. Sip.*

## Ngalajad ka noe bade djarah ka Tanah Soetji (Mekah).

Kintoenan W. A.

Dinten Ahad sonten ping 11 Djoemadilahir 1347, lid - lid Lodji Theosofie Galih Pakoean sareng Girilojo Bandoeng, parantos darongkap ka boemina Djrg. A. Wirasasmita, Voorzitter Lodji Galih Pakoean, ngalajad andjeunna bade angkat ka Mekah, sasih ieu (15 Djoemadilahir 1347). Sadajana sami ngahatoerkeun kawiloedjengan. Diwoewoeh koe tjariosan Djrg. Wangsaatmadja Secretaris „Galih Pakoean" sapertos ieu di handap.

Djoeragan! Noemawi dina wengi ieu darongkap teh, djalaran noe kagoengan boemi geus sidik aja kersana rek ngersakeun angkat djarah ka tanah Soetji, nohonan „Roekoen-Islam" noe ka V. (moenggah hadji).

Galibna nja kieu, samemehna pada ngadjoeroeng rahajoe, mekelan koe pamoemoega. basana ngalajad. Moeng oelah djadi alit manah, marga teu saoepami, sanaos maksad langkoeng ti kieu.

Ngoendoeng-ngoendoeng katjintaan, djadi paneneda, malah mandar toemibana ka salira, mangroepi woedjoed kanoegrahan „Djoeragan" Istri pameget, sarawoeh toeang iboe, anoe kantenan bakal djadi tanggelan salira, boeboehan pameget toer pantesna, kapertjantenan Rama miwah parawargi noe kantoen, njangking babaja di pasampangan, doemoegi soempingna deui.

Malihna deui, kadjeun paripaos „ngabedjaan boeloe toeoer" djengkar ka Mekah teh, saues lantoeng tamboeh lakoe (noe mawi aja rengkolna oge), nja eta bisi rek bari panasaran, aja heroaneun, moestika perlambang boedjangga di Kaaraban, noe katjeloek ka saban kampoeng, kawentar ka saban desa „adjian kapnoetanan" ageman kaoman Moehammadijah, bibit ti noe kagoengan pangeusi toetoep (toetoeg), ti Masrik tepi ka Magrib.

Engke, kantenan mendak sawarnina sapepekna „Wajang sagebogan" moen tjara di oerang dieu mah, (oepami katiten soteh), ngan ari di ditoe, perlambang sagala batoe tjiri wantji pangeusina manahaneun, kamandjoeran oeteuk noe djadi hoeloewotan manoesa. Djadi di oerangna kedah pasang soerti.

Akal boedjangga, di Soendana di Djawana, kitoe bae; moal hese moeka, lamoen djadi „Djoeroe telik ti leuleutik".

Manah djoeragan, kantenan ngaraos bingah soegema, bakal njaksi kana boektina pamilih roetjita boedjangga dika-Rasoelan, Katoeroeg katoetoeh, pantes moen rek njoercep-njerep kana salira, atji-atjiuing ka Islaman, oemat Nabi noe sampoerna.

Saleresna, istri, pameget, sepoeh, anom, dalah moerangkalih pisan, tangtos pada nampi persamboengan gaib, anoe pikaboekaeunana di djaman ahir, nja eta diuteuan kiamah tea.

Naon margina? Koemaha teu bade kitoe, da djarah ka koeboeran Ambija, malah sadjabina ti noe diboedjeng perloe ti dieu teh, aja deui, sapertos patilasan Kg. Nabi Ibrahim, poesering kasoeka, noe asih kadiri njaah ka badan, gede loeang gede tjonto deudeuleuan, dedengean, rarasaan. Terangna pisan mah noe Koloteun.

Aja makam Siti Hawa di Djidah, bibit indoeng noe ngandoeng, doegi ka sakieu rendangna, gede djangkoeng, baloeghoeg pinoeh koe elmoe, nja tidinja kawitna; sampeanana, ngaloendjar tepi ka laoet, pakarepan dika-istrian (Hawa) taja wates waugenna.

Makam Kg Nabi Isa (gambar njawa kapangeranan) tapi tebih di Baetalmoekdas.

Makam Kg. Nabi Adam, teu sidik dimana-manana, pangeling Bapa manoesa anoe tepina ka oerang pirbadi pisan. Lamoen dimanah, anak embe sok embe deui, anak domba, domba deui. Ari oerang anak adam, geus tangtoena Adamna nja moal saha, ngan teu kabaoed Nabina, katoetoep koe noe ti pajoen.

Djaba tinja, makam makam para Nabi noe sanesna: Nb. Daoed, Nb. Soelaeman, Nb. Noh, Nb. Moesa, s. s. d. talar bae, petjeh-petjeheun noe leukeun, kemajaukeuneun pangeusina.

Engke di ditoe, tangtos ngalakonan pamolah poepoentiran, ngoerilingan Baetoellah (Towap). Gambar idoep pamolah ati ngahelaran, moentarmoentir akal, geusan pamoeka djalan ka panoetan euja, nja eta goesti sadjati, poestieun di saban dami.

Mekah moesarapah (noe diagoengkeun), pangwedalan noe pangkat Nabi Rasoel. Koedoena njandingkeun Tjikahoeripan, sasakala sampean geureuha Nabi, ngebakeun poetrana „Nabi Ismail" Beh dieuna dianggo ngoembah pangeusi Kg. Nabi panoetan oerang nalika rek angkat diaoer ka langit (Mi'radj).

*Samboengeun.*

# KABAR

(Tina s. k. sanes).

Soerabaja: Di halte Soerabaja aja kadjadian doea kareta api diadoe. Anoe hidji mah eukeur langsir. Salapan gorobah tigoeling, toekang erim anoe tatoe pajah aja doeaan. Sapeupeuting djelema - djelema meresan oeroet katjilakaan. Ngan hadena bisa rengse isoek-isoek. djadi teu matak halangan.

—o—

Batawi: Voorzitter Volksraad, toean Neytzeli de Wilde, njarios di Volksraad, jen andjeunna dina sasih Mei 1929, bade lireu tina djadina voorzitter. Waktos kempelan volksraad ping 26 November, noe kapilih pigentoseu nana aja tiloean, nja eta: 1 Mr. F. J. H. Cowan, 2 J. M. Meyer Ranneft 3 Mr. A. Meyroos.

—o—

Australie: Minggoe trekang di Melbourne aja roesoeh, boentoetna pa mogokan. Loba imah imah noe dialoengan bom, ngan hadena bae taja djalma noe tjilaka. Anoe diarah teh babakoena djelema djelema anoe teu daraek miloe djadi elid kana vakorganisatie. Aja deui noe di bom teh, nja eta imah Directeur salah sahidji maskape kapal.

—o—

Europa: Angin topan ajeuna geus balik deui ka Europa, serta ngaroeksak Europa beulah ti Koelon, kajaning: Parasman, Detelan, Nagara Walanda djeung Inggris, Kawat telepon doel del pegat di oenggal tempat, listrik-listrik loba noe teu hoeroeng. Kapal kapal noe gede noe leutik teu waranieun ngadeukeutan palaboean atawa basisir, lantaran sieuneun ka bantingkeun atawa neumbag karang. Djelema djelema seueur noe maraot. Kapal-kapal seueur noe titeuleum katoet djelemana.

Di Nagri Walanda, di Emmen aja 2 djelema anoe kabawa koe angin, ragrag kana tjai, nepi ka adjal.

—o—

Den Haag: Minister Binnenlandsche zaken ngirimkeun peroendjoekan ka Tweede kamer, menta soepaja wet gemeente dirobah. Noe dimaksoed soepaja lain lalaki bae, tapi oge awewe bisa dibenoem djadi Burgemeester, gemeentesecretaris atawa gemeente ontvanger.

—o—

Duitschland: Koe lantaran aja 250.000 pagawe pabrik noe di eureun keun, nja lain dikieuna bae soesahna pikeun djelema djelema noe meunang katjilakaan tea.

Noe matak dieureunkeun teh. soepaja teu pati loba barang, djadi noe aja bisa didjoeal mahal. Kitoe maksoedna anoe baroga pabrik pabrik wa dja teh. Nja kedjem nepi ka teu nolih kana kasangsaraanana koeli koeli katoet anak bodjona, asal kantong bae merekis.

—o—

Batawi: Pakoempoelan oerang Arab di Batawi geus ngiangkeun rekes, noe dipenta soepaja 2 tempat anoe kosong di Volksraad, dieusian koe oerang Arab, nja eta Abdoerachan Alaydroes ngaganti Ir. Han Tiauw Tjong anoe eureun; S. H. Bamasmoes ngaganti S. Ismail Alatas.

—o—

Den Haag: Kampioen ngodjaj oerang Zwaden, ngaranna Arne Borg, ajeuna aja di Tjina. Bedjana arek teroes ngambah tanah Hindia.

—o—

Soerabaja: Hoofdprijs Pro Juventute beunang koe Oei Khik Gwan oerang Djember, anoe boga panggilingan pare Kaliwates.

—o—

Berlijn: Hidji propesor oerang Duitschland geus bisa njieun keretas anoe teu teurak koe seuneu. Didjieunna eta keretas biasa bae tina pikeretaseun, ngan ditjampoeran koe hidji roepa barang, nepi ka teu teurak koe seuneu. Ieu keretas ditjoba diteuleum, tapi weleh teu daekeun teurak. Kabareup mah sagala papakean djelema-djelema noe sok noeloengan noe kahoeroean arek didjieun tina eta keretas.


Tasikmalaja datum postmerk.

**Sareng hormat.**

Ngalaman djaman batjaan, oesoem boekoe, tjeujah tjarita, harengheng dongeng araheng, nja ajeuna waktosna.

Kanggo para ahli noe ngoedag kasoesastran, teu waka enggal² pertjanten kana roepi² boekoe anoe timboelna lir soeoeng djadi, nanging dipilih heula disasar basana, gampil nilik eusi: margi karaos koe andjeunna: moal pati ponjo sareng ni'mat oepama keur toeang mendak serah.

Djadi noe dinomer hidjikeun teh basana, anoe djadi panarik sari pangheedang rasana basa, nembe kana eusi.

Koemargi eta teu heran, oepami aja aosan atanapi dangdingan anoe njoemponan kana kaperloeanana para ahli basa, anoe ajeuna keur sami ngaroelik sami mihoerang sawah.

Noe ngaloearkeun ngaraos teu kinten bingahna, wireh ajeuna tiasa ngahatoerkeun ieu boekoe Wawatjan Tjarios Temen Tinemenan, nja eta lalampahan tiloe Djadjaka pahatoe lalis anoe mitoehoe lakoe rahajoe, milampah dharma anoe oetama ahirna sami moekti mibawa, njotjogan djamanna.

Basa sareng eusi istoening beh ditoeeun ti loetjoe.

Bapa Epon sareng Bapa Apoes pangarangna ahli tapis babaran tapa-pradja (doeanana asma samaran) nanging ahirna saparantos dilenjepan ladjeng mesem soeka margi loma ka pangarangna pa Epon soema wonten para langganan Sipatahoenan mah anoe koe andjeunna dipitjangtjan disangga darmana

Pangaosna moeng f 0,60 kandel 90 katja 600 pada tamat. Kanggo abonne Sipatahoenan sareng lid B, K, didamel 50 sen ieu sadaja djabi ongkos, doegi ka 3 boekoe 5 sen.

Oetamina oelah leleda, njitakna teu roa sareng tiasa ditempelkeun sareng Sip.

Hormatna noe ngantos panjambat

**Toko Boekoe & Drukkerij**
**Tjitandoej v. h. Pasoendan**
**Tasikmalaja.**



**TEGEL FABRIEK**

**„NAJA"**

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

**S. Najawilaga.**



**TOKO KHOUW SIAUW SENG**
**(TOKO BENG)**
**Tasikmalaja**

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngenteungkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat:

Tasikmalaja-Bandoeng via Garoet via-versa

ti Tasik ± djam 5,30 endjing ti Bandoeng ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Garoet via Singaparna. via-versa

ti Tasik ± djam 7 endjing ti Garoet ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Cheribon via Tjitanda en Koeningan via-versa

ti Tasik ± djam 3 soeboeh ti Cheribon ± djam 3,30 soeboeh; ti Tasik ± djam 8,30 endjing ti Cheribon ± djam 8 endjing.

Tasikmalaja—Bandoeng via Limbangan ti Tasik ± djam 5 endjing, ti Bandoeng ± djam 11,30. siang.

**Stopplaats.**

di Tasikmalaja pajoeneun Toko „Beng"
„ Garoet „ Station S. S.
„ Bandoeng „ „ „
„ Cheribon „ Hotel Canton

Kadjaksaan, sareng pasar Balong.

N. B. Sadaja autobus di merekan T. H. autobus dienst.



**Kitab Fiqh sareng Tafsir Qoer'an**

**ALBOERHAN**

Kitab hoehoem-hoekoem ibadat Islam kateranganana woengkoel tina Qoer'an sareng Hadits, djilid I f 1.— parantos kaloear.

**ALFOERQAN**

Tafsir Qoeran, nganggo hartosna noe saenjana (letterlijk) sareng hartosna noe henteu saenjana, nganggo katerangan pondok (noot) nganggo hartosna dipondokkeun, parantos kaloear djilid I & II f 1.—

Basa Soendana djilid I f 0.80 parantos kaloear.

Eta tiloe kitab ajat Qoeranna sareng Haditsna nganggo aksara Arab dibarisan sareng hartosna nganggo aksara Latijn (Walanda).

Enggal pesen atanapi moendoet pertjobian ka:

**„PERSATOEAN ISLAM"**

**BANDOENG.**






**Ketoe Oedeng Makerij.**

**HALIM**

**West Pasar straat 16 Bandoeng**




Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

Regentsweg 22, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.



**TOKO EUROPA**

**H. ABDOEL MOEGNI.**

**Stationsweg : : Tasikmalaja.**

Sajagi saroeng poleng soetra toelen tinoenan Bandoeng.

Pinggir sareng toempal bodas pangaos sakodi f 140.— sahidjina f 8.—

Soetra pinggir sareng kapala teroes, noe pangaos f 95.— sakodi, sahidjina f 5.50

Djabi ti eta roepi-roepi palekat tjap Korsi, Djerman kasar lemes pangaos mirah, moal koe noe sanes-sanes hal mirahna sareng toeleuna.